



**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER**  
*of suffolk county*

## PALE SOU SA

*Lè ou pale ak lè sou sekirite pèsonnèl ak sou limit, sa kapab ede gen plis sekirite pèsonnèl.*

### **Konsèy pou pale avèk timoun sou zak abi seksyèl**

Pa gen anpil timoun k ap fè rapò tousuit, si yo viktim abi seksyèl. Anpil fwa, timoun yo pè twòp, oubyen yo pa konnen lòt moun lan depase limit, oubyen yo pa konnen kouman pou yo di ou gen yon move bagay ki pase, oubyen yo pa konnen yon moun yo ka fè konfyans pou pale avèk li.

Gen etid ki montre paran ak timoun ki gen pi bon enfòmasyon yo gen plis chans pou dekouraje yon predatè seksyèl, kidonk li enpòtan pou ou gen konvèsasyon avèk pitit ou.

### **KONSÈY**

- Depi li piti, aprann pitit ou kouman pou li rele tout pati nan kò li. Lè ou sèvi avèk mo sa yo, epi ou fè pitit ou konnen kisa yo vle di, sa kapab ede timoun lan pale ak lè si gen yon bagay ki pa kòrèk ki rive.
- Aprann pitit ou gen kote ki entim nan pati ki nan kò li. Sa tèlman senp, ou ka esplike timoun lan tout kote yon kostimdeben kouvri nan kò li, se pati entim li.
- Esplike timoun lan sa manyen vle di. Chèche pa sèvi avèk mo tankou manyen « byen » oswa « mal ». Yon timoun kapab santi yon plezi si yon moun manyen li « mal ». Sèvi avèk mo tankou manyen ki gen danje,

manyen ki pa gen danje, manyen ki gen konfizyon, oswa manyen an sekre.

- Fè timoun lan konnen li gen dwa di non, si yon moun vle manyen li yon jan li kwè ki pa bon - epi lè sa a, moun ap respekte limit li. Ou kapab di li tou gen sikonstans medikal ki kapab pèmèt yon doktè oswa yon enfimyè manyen pati prive li, menm si li di non, epi lè sa a w ap la pou ede li nan moman an.
- Tabli limit. Sòf moun ou chwazi pou sa yo, pèsonn pa dwe manyen pati prive pitit ou - menm si pitit ou a konnen yo byen. Pèsonn pa dwe mande pitit ou kite yo manyen pati prive li, ni manyen pati prive yon lòt moun.
- Di pitit ou li pa janm bon pou pèsonn pran foto pati prive li.
- Aprann timoun lan pou li pa bay enfòmasyon pèsonnèl sou entènèt (adrès pou mesajri, adrès lakay li, nimewo telefòn, elatriye...)
- Pèsonn pa dwe mande pitit ou kenbe okenn sekre anrapò avèk kò li, ni pou li pa repete si yon moun manyen li. Timoun lan dwe fè ou konnen, si yon moun mande li kenbe yon sekre.
- Montre ou abòdab, epi ou la pou pitit ou, pou reponn tout kesyon li ka genyen sou kò ak sou sekirite li.
- Si ou fè pitit ou pi alèz sou kesyon sa a, epi ou vin gen plis komunikasyon avèk li sou limit akseptab yo, sa pral pèmèt li defann tèt li pi byen.

**LEARNTHESIGNSOFCILDABUSE.COM**

**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER OF SUFFOLK COUNTY**

989 COMMONWEALTH AVENUE BOSTON, MA 02215  
617.779.2146 cac@state.ma.us www.suffolkcac.org

Pwojè a te resevwa asistans nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.